

https://attorneygeneral.delaware.gov/criminal/faq_gloss/

Kesyon yo Poze Souvan yo – Divizyon Penal

Kiyès ki akize a?

"Akize a" se sispèk nan yon ankèt, yo akize kòm yon moun ki komèt yon enfraksyon penal.

Kiyès ki viktim nan?

Yo idantifye "viktim" nan kòm moun yo te komèt enfraksyon penal la kont li an.

Kiyès ki temwen yo?

Temwen yo se tout moun ki ka gen enfòmasyon konsènan yon dosye. Yon "viktim" idantifye tou kòm yon temwen nan yon ankèt epi yo ka refere yo kòm yon "temwen" nan yon jijman.

Kiyès avoka yo ye?

Gen de kalite avoka nan yon dosye penal. Pwokirè a ki ap travay pou Leta ki pouswiv dosye a, kont akize a. Avoka defans lan ki ap travay pou akize a, pou defann li kont swadizan enfraksyon yo akize li komèt yo.

Kiyès ki avoka defans lan?

Biwo Defansè Piblik la ka nonmen avoka defans lan pou akize a, oswa akize a ka chwazi youn an prive. Sa a depann de montan lajan ki disponib pou akize a nan moman arestasyon li an. Travay avoka defans lan se defann kliyan yo a (akize a) lè li ap kesyone kredibilite ak otantisite prèv ke pwokirè Eta a bay yo. Sa gen ladann prèv fizik ansanm ak deklarasyon temwen yo fè.

Kiyès ki pwokirè a?

Pwokirè a se avoka Eta a, ki plase pou pouswiv akize a nan chak pwosedi penal. Travay pwokirè a se pou kolabore ak lapolis pou kolekte prèv, sa ki enkli prèv fizik, ak deklarasyon temwen yo, epi prezante tout prèv bay Tribinal la. Se travay pwokirè a pou chèche jistis nan yon pwosedi penal.

Ki wòl travayè sosyal la?

Wòl travayè sosyal la se kontakte viktim nan ak fanmi li pandan tout pwosesis pouswit jidisyè a. Sa gen ladann bay fanmi an mizajou sou odyans tribinal la yo, epi tou pataje kesyon viktim nan oswa fanmi an ka genyen konsènan rezilta dosye yo ak pwokirè a. Travayè sosyal la ka bay tou resous konsènan sèvis pou viktim yo.

Èske timoun yo oblije temwaye?

Wi, timoun yo ak tout moun ki gen kapasite pou vèbalize alegasyon yo kapab temwaye. Yo ka entèvyouve timoun yo, oswa moun ki gen reta nan devlopman yo, nan Sant pou Defans pou Timoun yo pandan y ap mennen ankèt sou yon dosye. Yo anrejistre entèvyou sa yo sou videyo, epi yo ka itilize pou ede pandan jijman an. Sepandan, moun sa yo pral oblije "kanpe nan ba a"

epi idantifye poukont yo, otantisite de sa ki te diskite nan deklarasyon yo a, epi di si yo te di verite pandan yo tap entèvyouve yo a.

Tout moun ki temwaye nan yon jijman sibi kont-egzaminasyon defans lan. Sa a se opòtinite pou avoka akize a kesyon temwen an ki nan ba a.

Èske nou ka sèvi ak deklarasyon timoun yo te anrejistre a yo pou tout jijman an?
Yo ka itilize deklarasyon ki te anrejistre yo nan yon jijman, men yo ka poze temwen k ap temwaye a lòt kesyon. Sa a ta gen ladan kesyon ekip defans lan poze, nan sal tribinal la, pandan kont-egzaminasyon an.

Èske ou menm Leta ap travay pou mwen espesyalman?
Non. Pwokirè Eta a ak travayè sosyal la gen misyon pou bay jistis kelkeswa rezilta dosye a, epi bay viktim yo idantifye ki sibi ofans yo sipò. Se pwokirè ki deziyen ki an pran tout desizyon jiridik, tankou ofri yon akò pledwari oswa ale nan yon jijman. Viktim yo oswa temwen yo idantifye yo PA gen chwa pou yo “abandone akizasyon yo” oswa pou yo kontinye ak akizasyon yo ke yo kwè ki “koresponn ak krim nan.” Tanpri kolabore ak pwokirè ou a oswa travayè sosyal ou a pou diskite sou volonte ou yo pou rezoud yon ka. Pwokirè a pral itilize opinyon sa a pou detèmine meyè aksyon an nan chak ka.

Èske mwen oblije patisipe pandan odyans Tribinal yo?
Viktim yo idantifye ak temwen yo pral resevwa enfòmasyon, tankou lè odyans preliminè a, miz-an-akizasyon, revizyon dosye yo, jijman ak kondanasyon yo pwograme yo. Tout odyans tribinal sa yo, nan Tribinal Siperyè, louvri pou piblik la. Odyans preliminè, miz-an-akizasyon, revizyon dosye, ak kondanasyon, tout se aparasyon ovolontè pou viktim yo ak temwen yo. Si yon viktim oswa yon temwen resevwa yon konvokasyon pou konparèt devan Tribinal la, prezans ou obligatwa. Sa a ta gen ladan tout pwosedi jijman yo. Tanpri verifye avèk travayè sosyal la oswa pwokirè ki yo deziyen an pou plis detay konsènan aparasyon sa yo.

Plis viktim/temwen yo bay koperasyon, patisipasyon ak opinyon yo nan chak ka, se plis ka a kapab rezoud nan yon fason apwopriye.

Ki jan yo jwenn yon akize koupab?
Yo ka jwenn yon akize koupab si yo chwazi aksepte yon akò pledwari (admèt yo koupab) anvan jijman an oswa si yo kondane yo pou yon krim nan jijman.

Ki sa Nolle Prosequi vle di?
Sa a se yon tèm jiridik Latin ki vle di “p ap pouswiv ankò.” Li ekivalan a “abandone” yon pouswit. Pafwa, li apwopriye pou yo pa pouswiv akizasyon yo ankò. Yon egzanp sa a se, si yon akize rekonèt yon krim ki pi piti nan akizasyon an, nan yon akò pledwari, rès akizasyon yo ka “abandone” oswa “Nolle Prosequi.”

Ki lè yon akize kondane? Kilè mwen ap jwenn yon chans pou m eksplike santiman m konsènan ka a?
Aprè yon kondanasyon, yo kondane chak akize. Nan kèk ka, kondanasyon imedyata a apwopriye.

Sa a ta gen ladan l yon òdonans kondanasyon nan menm jou akize a aksepte yon akò pledwari. Nan lòt ka, kondanasyon an ranvwaye a yon dat apre yo fin fè akò pledwari a nan Tribinal la.

Nan moman kondanasyon an, viktim nan ak fanmi an gen yon opòtinite pou fè yon deklarasyon sou enpak sou viktim nan, ekspriye santiman yo konsènan enpak ofans lan, ak sa yo swete konsènan pèn akize a. Tanpri diskite sou santiman w konsènan rezolisyon sa a ak pwokirè dosye a ak/oswa travayè sosyal la yo alavans, pou asire w ou ekspriye panse w ak santiman w nan moman kondanasyon an.

Tanpri remake: Yo pa kontakte temwen (ki pa viktim nan oswa fanmi yo) pou yo soumèt deklarasyon enpak viktim yo.

Ki sa ki se yon deklarasyon enpak sou viktim lan?

Yo jwenn deklarasyon sa a pou ekspriye fason krim ki te komèt la afekte viktim ak fanmi yo idantifye yo. Li ka genyen enpak fizik ak emosyonèl ke ka a te genyen sou viktim ak fanmi yo idantifye yo. Yo pataje deklarasyon sa a ak defans lan epi yo bay Jij la l nan chak ka. Deklarasyon sa a kapab genyen tou, dezi yon moun pou akize a, tankou anprizònman, pwobasyon, òdonans pou pa gen kontak, oswa lòt restriksyon/dispozisyon yo.

Yo ka prepare deklarasyon enpak sou viktim yo bay Tribinal la kòm lèt alekri, oswa yo ka deklare yo nan moman kondanasyon an. Viktim nan oswa manm yon fanmi yo idantifye ka prezante enfòmasyon sa a, oswa bay yon kopi alekri pou pwokirè a bay sou non yo. Yo ta dwe adrese tout deklarasyon ki prepare yo bay Jij la.

Kisa Biwo Ankèt Preliminè an ye (PSI) ye? Poukisa yo ap kontakte m?

Yo òdone pou kèk dosye gen yon rapò PSI ki fini ant lè yo rekonèt akize a koupab ak anvan yo òdone kondanasyon an. Biwo PSI a se yon ajans Eta apa, ki gen kontra pou kolekte enfòmasyon konsènan antesedan akize a ak viktim nan. Ofisye PSI ki deziyen an ekri yon rapò epi li prezante l bay Jij la anvan kondanasyon akize a. Jij la revize enfòmasyon sa a pou l bay akize a yon santans ki apwopriye.

Si Biwo PSI a kontakte w pa lapòs oswa pa telefòn nòmal, tanpri konsidere reponn kesyon yo. Depi biwo PSI a kolekte plis enfòmasyon, jij la ap jwenn plis enfòmasyon sou antesedan yo nan moman kondanasyon an.

Mwen te resevwa yon asiyasyon pou m parèt kèk semèn de sa. Kouman pou mwen konnen si dosye a ap toujou ale nan jijman nan jou sa a?

Si ou poko tande nouvèl ekip pwokirè a ki te responsab dosye ou a, tanpri rele biwo nou an lavèy jijman an pou konfime ke ka a toujou pwograme.

Èske mwen *oblige* parèt?

Wi. Ou te resevwa yon asiyasyon nan men tribinal la epi ou pa kapab inyore li. Si w pa parèt, jij la kapab bay yon manda pou arete w.

Èske ka yo toujou gen yon jijman?

Non. Malgre akize a gen dwa a yon jijman, pifò dosye yo rezoud atravè akò pledwari.

Si yo rele m kòm temwen pou temwaye, kisa pou m di?

Di laverite. Ou ta dwe toujou kontakte pwokirè a oswa anplwaye asistans pou viktim yo anvan jijman an kòmanse si w gen kèk kesyon.

Kijan dedomajman fonksyone?

Yon fwa ou rasanble tout dokiman ki apwopriye yo (bòdwo medikal yo, resi yo, elatriye) epi soumèt yo bay Sèvis Viktim yo, yo ap bay tribinal la ak avoka defans lan enfòmasyon sa yo. Gen yon delè espesifik pou soumèt dokiman dedomajman ou yo, kidonk si ou pa sèten tanpri kontakte biwo nou an. Genyen tou yon peryòd 30 jou pou avoka defans yo fè kontestasyon. Si yo pa fè kontestasyon, tribinal la ap bay yon jijman. Lè sa a, akize a pral vèse peman bay tribinal la, epi tribinal la pral vèse peman ba ou. Yo gen jiska fen pwobasyon yo a pou yo konplete tout montan dedomajman an, sinon, gen yon chans pou tribinal la vyole pwobasyon an epi bay plis sanksyon.

Tanpri remake: Si w gen plan pou depoze yon plent sivil kont akize a, tanpri pataje sa ansanm ak enfòmasyon pou kontakte avoka w la.

Kouman pou mwen abandone oswa modifiye yon òdonans non kontak kont akize a?

Akize a responsab pou depoze yon demann nan tribinal pou yo retire òdonans pou pa gen kontak la oswa modifiye li pou l vin yon òdonans pa gen kontak ilegal. Lè sa a, yon odyans sou abandon/modifikasyon òdonans pou pa gen kontak la pral pwograme kòm yon pwoblèm apa epi jij prezidan an pral tranche. Yon fwa akize a fin depoze demann nan, l Eta a pral kontakte V pou wè si yo vle amande òdonans n/c a. Lè sa a, Eta a pral reponn demann nan epi gendwa gen yon odyans sou zafè a.

Poukisa yo abandone/rejte akizasyon yo?

Yo ka abandone akizasyon yo anvan miz-an-akizasyon an oswa denonsiyasyon an paske okòmansman yo te ka pa apwopriye, oswa kèk akizasyon tèlman sanble li pa apwopriye pou pouswiv yo tout. Yo ka abandone akizasyon yo apre miz-an-akizasyon an oswa denonsiyasyon an paske gen pwoblèm ak prèv yo, disponiblite temwen, defans valab, kredibilite, oswa lòt rezon.

Poukisa yo redui akizasyon yo/fè akò pou pledwaye yo?

Yo redwi akizasyon yo/yo fè akò pou pledwaye lè penalite ak kondisyon posib pou kondanasyon an sanble ak sa akize a tap jwenn pou akizasyon orijinal yo: oswa pwokirè a kwè gendwa pa genyen ase prèv pou jwenn yon kondanasyon sou akizasyon orijinal yo. Akò pledwari yo retire tout risk ki fè pati de yon jijman ak jiri. Se yon bagay ki sèten. Lè akize a plede koupab, pa gen okenn apèl.

[Telechaje](#)

Glosè

Prèv Admisib: pèmèt yo itilize kèk deklarasyon oswa objè pou sipòte dosye a.

Pi Lwen ke yon Dout Rezonab: Se sètitud ki nesèsè pou yon manm jiri jwenn yon akize kriminel koupab legalman.

Kontinyasyon: yon odyans yo ranvwaye nan yon dat ki pita ak akò tribinal la.

Kondanasyon: jwenn yon akize koupab de yon akizasyon nan yon jijman oswa yon akò pledwari, yon konklizyon koupab men ki malad mantal, oswa yon pledwari san kontestasyon.

Kontre Entèwogasyon: kesyon yon avoka poze temwen lòt pati a.

Akize: yon moun yo akize pou yon ofans kriminel.

Entèwogasyon Dirèk: kesyon yon avoka poze pwòp temwen li.

Prèv yo Ekskli: deklarasyon oswa objè yo pa pèmèt yo itilize pou sipòte ka yon pati.

Feloni: kalite ofans kriminel ki pi grav la; yo ka pini ak plis pase dezan nan prizon, sepandan, yo ka sispann pèn prizon an nan kèk ka. Egzanp akizasyon feloni yo se: kase kay moun, touye moun, vòlè ak zam, ak relasyon seksyèl ilegal.

Rimè: prèv ki baze sou sa temwen an te tande nan bouch lòt moun olye ke li fè eksperyans lan pèsoneyman; anjeneral sa a pa akseptab.

Deli: yon ofans ki ka lakòz jiska dezan nan prizon. Egzanp akizasyon deli yo se: vòl, manyen ki ofanse moun.

Jijman yo anile: yon jijman yo te deklare envalid akòz yon erè nan pwosedi yo. Pwokirè a deside si pou yo retounen jije ka a.

Objeksyon: Deklarasyon yon avoka ki ap opoze yon temwayaj patikilye, konduit oswa prèv pandan jijman an.

Anile: tribinal refize yon mosyon oswa yon objeksyon.

Akò pou Pledwari: akò ant pwokirè a ak akize a, kote akize a dakò pou plede koupab, anjeneral pou yon akizasyon ki redwi epi abandone dwa li pou yon jijman.

Pwokirè: Yon avoka ki reprezante Eta Delaware la nan non piblik la. Yo konnen li nan Delaware antanke Pwokirè Jeneral Adjwen.

Restitasyon: yon montan tribinal la òdone akize ki kondane a pou li peye viktim nan pou pèt oswa domaj krim nan te koze moun nan.

Asiyasyon: yon òdonans Tribinal la pou yon moun prezante li nan yon odyans jidisyèl.